

NYC Housing Connect: Fason pou Aplike pou Lojman Bon Mache:

[FRONT]

Kisa yon lojman ki "pa chè" siyifi?

Yo konsidere lojman an pa twò chè lè fanmi pa depanse plis pase anviwon yon tyè nan revni yo pou lwaye. Si yon fanmi oblije depanse plis pase yon tyè nan revni l pou lwaye, yo konsidere fanmi sa a kòm yon fanmi ki "gen fado lwaye".

Kote pou ou ale...

Kòmanse fè rechèch lojman ki pa twò chè ou a sou nyc.gov/housingconnect

Kisa pou fè...

ETAP 1. GADE

Jwenn lis lojman ki pa twò chè yo nan Housing Connect oswa nan journal.

ETAP 2. ENFÒME W

Aprann kichòy sou kondisyon pou kalifikasyon ak aplikasyon an.

ETAP 3. APLIKE

Enskri epi aplike sou entènèt oswa voye aplikasyon ou a pa lapòs.

ETAP 4. TANN epi PREPARE

Sa ka pran 2 a 12 mwa pou yo travay sou aplikasyon yo.

ETAP 5. KALIFYE

Si yo chwazi w, voye dokiman konsènan kalifikasyon ou.

ETAP 6. SIYEN oswa RE-APLIKE

Lwe oswa achte si ou kalifye. Si yo ba w refi, ale nan kontestasyon oswa aplike nan lòt.

[FRONT PAGE FOOTER]

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development, HPD):

Sosyete Lojman ak Devlopman Vil New York (New York City Housing and Development Corporation, HDC)

Jen 2020

Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Sa se pa yon aplikasyon pou lojman ki pa twò chè.

Si w bezwen plis enfòmasyon, kontinye li oswa al gade sitwèb nou nan:

Sit Entènèt: www.nyc.gov/hpd

Ale sou sitwèb nyc.gov/housingconnect pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike sou entènèt.

Facebook, Twitter, Instagram: @NYCHousing

Gade dèyè a pou jwenn plis enfòmasyon.

NYC Housing Connect: Fason pou Aplike pou Lojman Bon Mache:

[BACK]

ETAP 1. GADE

Jwenn Lis Lojman Ki Pa Twò Chè yo

Ale sou sitwèb NYC Housing Connect pou ou wè tout gwoup abitasyon k ap resevwa aplikasyon yo. NYC Housing Connect menm gen apatman lojman ki pa twò chè ki tou disponib nan moman moun ki te okipe yo a ap demenaje—yo rele yo apatman k ap relwe: nyc.gov/housingconnect

Rele 311 epi mande Liy Dirèk pou Enfòmasyon Lojman Ki Pa Twò Chè.

Cache piblisite nan jounal ak afich sou chantye konstriksyon yo.

Kontakte òganizasyon kominotè, tankou Anbasadè Lojman yo, pou ede ou. Cache yon lis Anbasadè sou sitwèb HPD a: nyc.gov/housing-ambassadors

Li Piblisite a ak Anpil Atansyon

Gwoup abitasyon lojman ki pa twò chè gen kondisyon kalifikasyon diferan. Ou ka tonbe nan diferan kategori pou diferan gwoup abitasyon, selon kantite moun ki lakay ou ak revni ou.

ETAP 2. ENFÒME W

Verifye pou Wè Si...

- revni konbine total fanmi ou sitye ant limit minimòm epi limit maksimòm yon gwoupabityasyon. Chache gid enfòmasyon HPD yo, pami yo Gid sou Revni an, nan: nyc.gov/hpd/findhousing
- fanmi ou satisfè kondisyon konsènan dimansyon apatman nan gwoup abityasyon an.
- ou bezwen èd pou konprann istwa kredi ou. Ale nan youn nan Sant Endepandans Finansye Vil la pou ou jwenn plis enfòmasyon: nyc.gov/talkmoney

Chache konnen si ou kalifye pou yon preferans. Gen kèk apatman ki rezève pou moun ki...

- gen yon andikap pou deplase, tandè, ak / oswa wè.
- k ap viv nan kat (4) minisipalite yo.
- ap viv nan menm Distri Kominotè a ak gwoup abityasyon an. Jwenn pa w la sou: communityprofiles.planning.nyc.gov
- travay pou Minisipalite Vil New York.

ETAP 3. APLIKE

Aplike sou Entènèt

Kreye yon kont sou NYC Housing Connect:
nyc.gov/housingconnect

Depi ou aplike, developè yo ap wè pwofil ou an tan reyèl, se poutèt sa li enpòtan pou ou mete pwofil ou ajou nenpòt lè sityasyon fanmi ou oswa revni ou chanje.

Aplike Nan Kourye Lapòs

Suiv enstriksyon sou piblisite yo pou ou fè yon demand aplikasyon nan kourye lapòs.

Reponn tout kesyon ki nan aplikasyon an dapre tout sa ou konnen. Si ou bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki pa konplè, sa kapab diskalifye ou.

Siyen epi date aplikasyon ou a, sinon yo ka refize li. Voye aplikasyon ou a avan dat limit la.

Chans pou Yo Chwazi Ou Rete Menm...

- kit ou aplike sou entènèt oswa nan kourye lapòs ;
- kèlkeswa lè ou soumèt aplikasyon ou a, depi se avan dat limit la.

ETAP 4. TANN epi PREPARE

Rete Tann Pandan Y Ap Travay Sou Aplikasyon Yo

Aprè dat limit la, y ap mete tout aplikasyon yo nan yon lòd owaza epi y ap ba yo yon nimewo rejis.

Developè an ap li yo nan lòd nimewo rejis yo ye a (l ap kòmanse ak moun ki satisfè kategori preferans yo) epi l ap

kontakte moun ki aplike yo. Ale gade etap 2 a pou jwenn lis kategori preferans yo.

Prepare Wu Pandan W ap Tann

Yon pwopriyete kapab resevwa anpil milye aplikasyon. Ou ka tande enfòmasyon sou sityasyon aplikasyon ou a nan de (2) a dis (10) mwa apre dat limit la. Itilize tan sa a pou prepare ou pou fè renouvle kalifikasyon ou:

- itilize gid enfòmasyon HPD yo: nyc.gov/hpd/findhousing
- kòmanse konsève dokiman nan NYC Housing Connect la: nyc.gov/housingconnect

Sonje Ou Kapab Pa Resevwa Repons

Tèlman gen anpil aplikasyon, yo ka pa rive kontakte ou, menmsi ou te kapab kalifye. Gen plis chans pou yo kontakte ou si ou resevwa yon nimewo rejis ki ba oswa si ou kalifye pou yon preferans.

ETAP 5. KALIFYE

Fè Egzamine Kalifikasyon Ou

Si nimewo rejis ou a monte, developè an ap kontakte ou pou ou voye dokiman yo. Se pou konfime ou satisfè kritè kalifikasyon yo.

Reponn imedyatman, paske plas yo limite, epi se kèk jou ouvrab w ap genyen sèlman pou ou voye dokiman yo.

Lè ou resevwa yon demand pou egzamine kalifikasyon, sa PA garanti w ap resevwa lojman ki pa twò chè pou sa.

Voye Dokiman

Demand developè an ap gen ladan li lis tout dokiman ou dwe bay yo. Prepare ou bonè (al gade 4yèm etap la).

Si ou te aplike sou entènèt, ou kapab telechaje tout dokiman ou yo nan Housing Connect, pou ou pataje yo ak developè an dirèkteman. Si ou te aplike sou papye, y ap mande ou pou livre dokiman ou yo oswa voye nan kourye lapòs.

Rete Tann Konfimasyon

Aprè developè an fin verifye kalifikasyon ou, HPD oswa HDC ap egzamine dosye ou a pou gade si li kòrèk. Developè an ap kontakte ou si gen kesyon.

ETAP 6. SIYEN oswa REYAPLIKE

Finalize lwaye a oswa acha a

Si yo jwenn ou kalifye, yo kapab ba ou chwa pou ou siyen yon kontra lwaye oswa chache achte.

Konteste Desizyon an

Si yo jwenn ou pa kalifye, yo ap voye yon avi refi ba ou. Si ou pa dakò, suiv enstriksyon sou avi refi yo pou ou konteste desizyon an.

Ekri pou ou eksplike rezon ou ki fè ou kwè refi a se te yon erè epi bay dokiman ki kore kontestasyon ou a.

Developè an ap kontakte ou konsènan rezilta kontestasyon ou a. Si ou pa dakò, suiv enstriksyon sou avi refi kontestasyon an epi voye yon plent nan HPD oswa HDC.

Aplike pou Lòt Opòtinite

Pa dekouraje si ou pa kalifye pou yon gwoup abitasyon. Toujou gen nouvo opòtinite lojman ki pa twò chè, epi ou kapab aplike valè fwa ou vle.

ENPÒTAN:

Pa janm peye okenn lajan ni chaj bay kèlkeswa moun lan pou yon aplikasyon nan nenpò pwojè lojman HPD oubyen HDC esponsorize.